# «ТЫНЫШ ДОН» ҲӘМ «ШЫРАШЫЛАР» РОМАНЛАРЫНДА ҚАҲАРМАН ПСИХОЛОГИЯСЫНА ТӘСИР ЕТИЎШИ ДИАЛОГЛАР

**Жолдасбаева Бибихадиша Тлепбаевна**
**ҚМУ таяныш докторанты**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20712120

Инсан характериниң рәңбә-реңлиги оның пикир билдириўинде, сөйлеў тәризинде анық көринисин табады. Шығармаларда өз ара сәўбет барысында қаҳарманның ишки дүньясы, оның пикирлери, сыртқы факторлар нәтийжесинде психологиясында пайда болған өзгерислер анығырақ көринеди. Сонлықтан жазыўшылар диалоглардан көбирек пайдаланғанды мақул көреди. М.Шолохов ҳәм Ш.Сейитов диалогларды бирнеше поэтикалық мақсетте қолланады: қаҳарман характерин ашыўда, сюжетти раўажландырыўда, дәўир шынлығын ҳәм жәмәәтлик сана категорияларын көрсетип бериў ушын. Әсиресе, қаҳарманның психологиялық ҳалатын, ишки гүйзелислер ҳәм жемирилиўлерди сүўретлеў арқалы өзине тән характер жаратыўда диалоглар өнимли усыл болып табылады.

Романда қаҳарманларды көркем психологиялық анализлеў процеси қурамалы. Сюжеттеги дәўир шәраятын есапқа алсақ, өз ишки әлемин түсиниўге умтылыў, өзин өзи ҳәм турмыстағы позициясын анализлеў қаҳарманларда түрлише болады. «Тыныш Дон» ҳәм «Шырашылар» романларындағы дәўир де инсанға өзин-өзи шолыў мүмкиншилигин бермейди, турақлы урыс, жәмәәтлик наразылықлар, сиясый ыдыраў сыяқлы машқалалар фонында инсан жеке шахсыятын биринши орынға қоя алмайды. Бул жазыўшыларда түрли психологиялық сүўретлеў усылларынан пайдаланыў зәрүрлигин пайда етеди. Еки романда қаҳарман психологиясын ашып бериўши ҳәм қаҳарман психологиясына тәсир етиўши диалоглар ушырасады.

Шығармада қаҳарман психологиясына тәсир етиўши, оның турмыс тәризи ҳам пикирлеўине кескин бурылыс алып келиўши диалоглар болады. Бундай диалоглар көркем психологиялық анализдиң әҳмийетли қуралларынан болып, олар персонаждың ишки кеширмелерин ашыў, психологиялық конфликтти тереңлестириў ҳәм характер эволюциясын көрсетиў ўазыйпасын әмелге асырады. «Тыныш Дон» романында бас қаҳарман Григорий Мелеховтың психологиясына ҳәм түсиниклерине үлкен бурылыс жасайтуғын образлар ҳәм олар менен болатуғын сәўбетлер бар. Мысалы, госпитальда Гаранжа менен болған сәўбетинен соң, оның ишки дүньясы ыдырап, пикирлери өзгерип кетеди:

« - Ҳош, сениң менен мен ким ушын қан төктик, жолдас?

- Басқалар ким ушын төгип атырған болса – биз де солар ушын.

...- Ҳееей! Сенде мий жоқ. Бул итибарсыз қалдыратуғын мәселе емес, тереңнен ойланыў керек. Буржуйлар ушын қан төктик, билесең бе? Буржуй не екенин билесең бе, өзиң?

...- Еле де асықпай айтып атырман. Сен патша ушын дейсең. Патшаң өзи ким? Патшаң мәскүнем, ханшайымың – бәлехор, урыс болса панлардың кисеси

қампайып қалады, сениң менен мениң мойнымызға дар салады» [2, 456-457-бет]. Гаранжа импулсив характердеги образ, көпшилик жағдайда импулсив пикирлеў инсанда қәте түсиниклердиң қәлиплесиўине шараят жаратады. Григорий да Гаранжа менен сәўбеттен соң, сораўларына жуўап тапқандай болады. Гаранжаның Григорийдиң бойындағы жаўынгерлик, ғайбарлық сыпаттың сөниўинде үлеси үлкен болады. Сондай-ақ екинши китапта Ефим Изварин ҳәм Федор Подтелков пенен дусласыўы да Григорийдиң өз өмири ҳәм қылып атырған ислери, пикирлери ҳәм позициясы жөнинде қайтадан пикир жүритиўине ийтермелейди. Ефим Изварин казак автономисти, ол казаклардың Россиядан ажыралып, өз мәмлекетшилиги болыўы керек деп биледи. Ал Подтелков болса сайланып қойылатуғын халық ҳәкимиятының тәрепдары еди. Бул еки казак пенен болған сәўбеттен соң, Григорий пуқаралар урысы ўақтында қайсы тәрепте турып гүресиў кереклигин мәлим дәрежеде түсинип жетеди. Бирақ Подтелковтың тутқынға түскен Чернецковты ҳешқандай судсыз, айыбы тастыйықланбастан өлтирип жибергени ушын және ғәзепленеди. Бундай қарама-қарсы жағдай Григорийде өзи кимге, қалай исениўин, нениң дурыс ямаса қәте екенлигин анықластырып алыў зәрүрлигин пайда етеди. Илимпаз Л.Якименко Григорийдиң бундай ҳалатын «улыўма адамзатқа тән гуманистлик идеялардың: тынышлық, адамгершиликтиң жоқары көриниси» деп баҳалап, «М.Шолохов Григорий Мелехов образы арқалы дәўирге үлкен наразылығын да билдиреди» деген пикирди алға сүреди [1, 32-бет]. Григорийда урысқа, адамгершилиги жоқ инсанларға болған ишки ғәзеп оянады. Бул ўақыядан соң, ол саўашты таслап аўылына келеди. Сыртқы, бир-бирине қайшы келетуғын парадокслар инсанның ишки дүньясын жемиреди.

« - Көзлериңе жас келмеди ме? – деп сорады Пантелей Прокофьевич оған қарап. Григорий қуўлық қылмай, ҳағынан келди:

- Жас келгенде қандай!...

- Соның ушын ўатан дейди дә, - деди Пантелей Прокофьевич кеўли толып» [3, 309-бет]. Әкеси менен болған бул сәўбеттен соң, Григорийдың ойлары тынықласқандай, иш-ишинен нени қәлейтуғынлығын аңлап жеткендей болады ҳәм бул диалог Л.Якименконың пикирин дәлиллейди.

М.Шолохов Григорий Мелеховты түрли пикирлер, ишки гүреслер ортасындағы әўере сарсан образ сыпатында сәўлелендириўге умтылған. Бул дәўир көзқарасынан жаратылған типлик образ еди. Ш.Сейитов та Есжан ғарры образы арқалы «аралық позициядағы қаҳарман образ»ын жаратқан. Жас өзгешелигин есапқа алмағанда, Григорий менен Есжан ғарры образлары психологиясы, руўҳый дүньясы көзқарасынан бирдей. Есжан ғарры да душпаншылыққа, ақлар яки қызыллар деп бөлиниўге қарсы, улыўма адамгершилик идеяларын жақлайды. Мийнетти, өзиниң тыныш, әпиўайы өмирин үлкен бахыт санайды. Бирақ Қумингер менен дусласыўы оның да пикирлерине, психологиялық ҳалатына үлкен бурылыс жасайды:

« - Сени үйге апарғанда, кемпирдиң питегене тәўипшилиги бар еди-аў, қорқаман! Жаңағылар таўып алса, тамаша ушын-ақ қылыштан өткереди, тентеклер!

- Тек мени еме-ес, - деди жигит ызғарлылаў мыйық тартып. – Сизди де қылыштан өткереди!

- Менде әкесиниң ҳаққы жоқ! – деп нықлады мына гәп аўыр тийген ғарры. – Не деп қылышлайды, я мен ҳешкимге тиймесем, я қызыл, я ақ, я көк болмасам!» [4,15-бет]. Кескин пикирлер конфликти менен басланған бул диалог, Қумингердиң де, Есжан ғаррының да психологиясын ашып береди. Бирақ Қумингердиң тәсири күшлирек болады. Өз приоритетлерине қарсы шығып, Қумингердиң тәсирине қайылшылық билдирсе де, шаңарағы, үйи ушын баспашыларға қарсы гүреседи. Большевизм ямаса сиясый статус ушын емес, ал адамгершилик ушын адам өлтириўге мәжбүр болады. Өз садалығына, аллаға исенимине садық қалады. Бул типлик образ үлгиси. Тарийхый дәўир фонында урыс-қағысларға қарсы, улыўма адамзатлық сезимлерге, қәдириятларға садық, дослық қатнаста, тыныш жасаўды қәлейтуғын әпиўайы инсанлар образы жийи жаратылады. Өйткени дәўирдиң шын қаҳарманлары усындай адамлар болып, жазыўшылар олар арқалы өз идеяларын, тарийх жол қойған қәтелердиң мәнисин түсиндириўге умтылады.

Жуўмақлап айтқанда, Григорийға да, Есжан ғаррыға да екинши бир шахслардың тәсири нәтийжесинде, олардың пикирлери ҳәм исенимлериниң өзгериўи қурамалы психологиялық жағдайды пайда етеди. Әдетте, бундай диалоглар қаҳарман психологиясына тәсир етиў арқалы, пүткил сюжетлик динамиканы да ҳәрекетке келтиреди ҳәм күтилмеген бурылыслар жаратылыўына себеп болады. М.Шолохов та, Ш.Сейитов та бундай диалогларды шеберлик пенен қолланып, типлик образларды жаратыў ҳәм олардың психологиясын ашып бериўде орынлы пайдаланады. Диалогларды көркем тилдиң элементи сыпатында баҳалайды, бирақ бизиңше диалоглар көркем сүўретлеўдиң қурамалы ҳәм нәтийжели усылы да есапланады.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1.Якименко Л.Г. Великий писатель современности. Москва. Издательство «Знание», 1975.

2. Шолохов М. Тинч Дон. Асарлар тўплами (саккиз томлик). I том. Тошкент. ЎзССР давлат бадиий адабиёт нашриёти, 1960.

3. Шолохов М. Тинч Дон. Асарлар тўплами (саккиз томлик). I том. Тошкент. ЎзССР давлат бадиий адабиёт нашриёти, 1961.

4. Сейтов Ш.Шырашылар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.